8. Бабанский, Ю.К. Оптимизация процесса обучения: общедидактический аспект [Текст] / Ю.К.Бабанский. -М.: Педагогика, 1977. –С. 250.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада, жамият ва инсоннинг маълумот маданияти билан муносиб муносабатларини таъминлашга ёрдам берувчи таълим нашрлари моделини яратиш методологияси масалалари кўриб чиқилган. Ушбу соҳа фаолияти учун аҳамиятли бўлган жамият маълумот маданияти хусусиятлари билан саноатдаги а хусусиятлар ва кўрсатгичларни эътиборга олиб, жорий ҳолатини ҳисобга олган ҳолда бу фаолиятнинг турли асослари бўйича фаолиятнинг тузилишини кўриб чиқаради.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются методологические вопросы создания модели образовательных изданий, способствующих обеспечению соответствующих отношений между обществом и людьми, обладающими информационной культурой. Принимая во внимание характеристики и показатели отрасли с особенностями информационной культуры общества, что важно для деятельности данной сферы, рассматривается структура деятельности на различных основах этой деятельности с учетом сложившейся ситуации. ситуация.

**SUMMARY.** The article examines the methodological issues of creating a model of educational publications that help to ensure appropriate relations between society and people with information culture. Taking into account the characteristics and indicators of the industry with the features of the information culture of the society, which is important for the activity of this field, it considers the structure of the activity on various bases of this activity, taking into account the current situation.

# BALALARDA KOORDINACIYALÍQ QÁBILETLERDI RAWAJLANDÍRÍWDA GIMNASTIKALÍQ ELEMENTLERDEN PAYDALANÍW ÓZGESHELIKLERI (5-6 JASAR BALALAR MÍSALÍNDA)

**R.D.Allambergenova –** *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** gimnastika, koordinatsion qobiliyat, sport, forma, obraz, jismoniy tarbiya, mashg‘ulot, akrobatika, harakat funksiyalari, gimnastik elementlar.

**Ключевые слова:** гимнастика, координационные способности, спорт, униформа, имидж, физическая подготовка, тренировка, акробатика, двигательные функции, гимнастические элементы.

**Key words:** gymnastics, coordination abilities, sports, uniform, image, physical fitness, training, acrobatics, motor functions, gymnastic elements.

Balalıq hár bir insan ushın júdá zárúr dáwirlerden biri bolıp esaplanadı. Sebebi, insanniń fizikalıq jaqtan jaqsı jetilisiwine, salamatlıǵınıń bekkemleniwine, háreketsheńlik qábiletleriniń qáliplesiwine, ulıwma dene mádeniyatı, ádep-ikramlılıq páziyletleriniń tárbiyalanıwına tiykar bolıwshı dáwir bolıp esaplanadı. Balalardıń salamatlıǵı hám fizikalıq jaqtan rawajlanıwına tásir etiwshi kópshilik faktorlar, social-ekonomikalıq, demografiyalıq, mádeniy, gigienalıq h.t.b ishinde koordinaciyalıq qábiletlerin rawajlandırıwshı dene tárbiya procesi tásirsheń kúshi boyınsha zárúr orın iyeleydi. Búgingi kúnde oqıw hám bilim alıwdıń intensiv kóleminiń keńeyiwi mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń organizmindegi rawajlanıwdıń úzliksizligin dene tárbiya shınıǵıwlarısız kóz aldımızǵa keltire almaymız.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Gimnastika sport túrlerin jáne de rawajlandırıw is-ilajları haqqında»ǵı Qararında «… balalardı, dene tárbiya, ásirese gimnastikaǵa tiykarlanǵan turaqlı dene shınıǵıwlarına qızıqtırıw hám shuǵıllanıw arqalı olarda jigerlilikti, qatańlıqtı, sonday-aq, ózin-uslap biliw ádebi hám fizikalıq páziyletlerdi qáliplestiriw» [1] boyınsha wazıypalar belgilengen.

Balalardı mekteplerge qabıl etiw procesin qadaǵalawshı alımlardıń pikirinshe 5-6 jasar balalarda awır keselliklerdiń ósiw tendenciyası kóbeyip atırǵanlıǵın aytıp ótedi. Jáne bir ádebiyatlarda bolsa, dene tárbiya shınıǵıwları tiykarınan belgili bir muǵdardaǵı háreket kónlikpelerin ózlestiriwge qaratılǵan bolıp, degen menen mektepke shekemgi jastaǵı balalarda tiykarǵı háreketsheńlikti hám fizikalıq sıpatlardı nátiyjeli tárbiyalawǵa qatnası joq ekenligin kórsetedi.

Bunday pikirlerdi talqılawdıń nátiyjeleri boyınsha «Balalar baqshasında tálim hám tárbiya dástúri» menen islew turaqlı túrde tálim-tárbiya formaları hám onıń usıllarınıń birdey formada paydalanıwına alıp kelip, «pedagogikalıq dóretiwsheńliktiń imkaniyatların sheklep ǵana qoymastan, balanı tárbiyalawdıń jeke standartqa baǵdarlanǵan, rawajlanıwdıń individual ózgesheliklerin esapqa alıw» [2] itibardan shette qalıp baratırǵanlıǵın kórsetedi.

Bunnan kórinip turǵanınday 5-6 jastaǵı balalardı fizikalıq jaqtan tárbiyalawdıń jańadan formaları, usılları hám metodların izlew aktual másele bolıp esaplanadı.

5-6 jasar balalardıń koordinaciyalıq qábiletin rawajlandırıwdı gimnastika arqalı obrazlı shınıǵıwlar kompleksinen quralǵan, balalardıń háreketsheńligin jetilistiriwge qaratılǵan dástúr hám modellerdi islep shıǵıw maqsetin payda etedi.

Onıń ushın tómende kórsetilgen wazıypalardı ámelge asırıw tiyis boladı:

-5-6 jasar balalardıń háreketsheńligin jetilistiriwshi faktorlardı anıqlaw;

-5-6 jasar balalardıń fizikalıq jaqtan rawajlanıwı hám tayarlıq dárejesin úyreniw;

-balalarda fizikalıq sıpatların hám háreketsheńligin jetilistiriwge baǵdarlanǵan dástúr normaların islep shıǵıw;

-5-6 jasar balalardıń mektepke shekemgi bilimlendiriw mekemeleri hám shańaraqtaǵı kún tártibinde fizikalıq belsendiliktiń mazmunı hám shólkemlestiriw modelin islep shıǵıw;

-balalardıń shólkemlestiriwshi hám erkin háreketsheńligin xoshametlewdiń pedagogikalıq texnologiyasınıń nátiyjeliligin bahalaw.

Izertlew obyekti esaplanǵan 5-6 jasar balalardıń koordinaciyalıq qábiletlerin rawajlandırıwshı gimnastikalıq shınıǵıwlar arqalı dástúriy shınıǵıwlardı ámelde qollanıw procesi belgilengen wazıypalardı orınlaw ushın pedagogikalıq, medicinalıq hám biologiyalıq usılların kompleks tárizde qollanıladı. Dene tárbiya shınıǵıwlarında 5-6 jasar balalar ushın koordinaciyalıq qábiletti rawajlandırıwshı gimnastikaǵa tiykarlanǵan shınıǵıwlardıń kompleks is baǵdarlamasın islep shılıǵıwı kerek [3]. Bul shınıǵıwlardı ótkeriwdiń tiykarǵı formalarınan biri retinde 5-6 jasar balalardıń dene shınıǵıwların orınlaw barısında koordinaciyalıq qábiletlerin tárbiyalawǵa járdem beredi.

Maǵlıwmat ornında aytıp ótiw kerek «Koordinaciya» latın tilinen alınǵan sóz bolıp birlestiriw, tártiplilik, izbe-izlik degen mánini ańlatıp, insanlardıń háreketsheńligine qarata aytıladı. Yaǵnıy, insan háreketlerin tábiyat talapları sheńberinde muwapıqlastırıw dárejesin kórsetedi. Máselen, ápiwayı júrip baratırǵanda súrnigip yamasa qanday da bir nársege ayaǵımız ilip ketiw jaǵdayın alıp qaraytuǵın bolsaq, koordinaciyalıq qábileti onsha qáliplespegen insan bul jaǵdayda qulaydı, al koordinaciyalıq qábileti jetilisken insan, qulap túsiwge qarsı túrli háreketlerdi ámelge asırıw arqalı qáddin tikleydi, jıǵılmaydı. Bunday insanda háreketlerdi muwapıqlastırıwshı koordinaciyalıq qábiletler joqarı dárejede jetiliskenligin kóriwimiz múmkin.

Usı orında qanday da bir háreketti ámelge asırıwda insanniń tayanısh háreket sistemasın basqarıw yaǵnıy koordinaciyalıq qábiletin qalay anıqlaw múmkin degen soraw payda boladı. Bunıń ushın dene tárbiyası metodologiyasında uzaq waqıtqa shekem jeńillik teoriyası kórsetkishi bar edi. Degen menen 1970-jildan baslap, onıń

ornına koordinaciyalıq qábiletler ataması kóbirek qollanılıp basladı. Rus ilimpazı N.A.Bernshteyn koordinacion háreketler-deneniń motor sistemasın basqaratuģın prefirikalıq hám oraylıq basqarıw funkciyalarınıń óz ara tásiriniń birligi retinde kóredi hám «háreketlerdiń biomexanikalıq funkciyaları belgilengen wazıypalarģa muwapıq qayta dúziledi»-degen túsiniklerdi beredi.

Ulıwma alģanda koordinaciyalıq qábiletlerdi rawajlandırıw sistemalıq principlerge boysınıwdı talap etedi. Shınıģıwlar arasındaģı tiykarsız tánepislerdiń aldın alıw kerek. Sebebi, bul sharshaw hám talıģıwda deneniń sezimtallıģınıń joq bolıwına hám olardıń názik ústinligin payda etiwine alıp keledi. Bunnan tısqarı, jańadan háreketlerdi ózlestiriw proceside áne usı sharshawdıń kúsheyip ketpewine baylanıslı boladı. Bul koordinaciyalıq qábiletlerdiń rawajlanıwına keri tásirin tiygizeri sózsiz.

Qániygelerdiń pikirinshe koordinaciyalıq qábiletlerdi rawajlandırıwdıń dáslepki basqıshındı shuģıllanıp atırģan 5-6 jastaģı balalarda jas ózgesheliklerine say keletuģın shınıģıwlardı, atap aytqanda iyiliwsheńlikti, tezlikti hám shaqqanlıqtı qáliplestiriwden baslaw kerek eken. Bulardıń qaysı birine birinshi gezekte itibar beriw kerek ekenligi tómendegishe belgilenedi.

**Birinshiden** tezlik, kúshlik tezlik sıpatları hám koordinaciyalıq qábiletlerdi rawajlandırıwģa tiykarlanģan bolıw kerek. Bunda ústinlik jas ózgesheliklerine say bolıw tiyis ekenligin bildirse;

**Ekinshiden** fizikalıq dene shınıģıwları arasındaģı óz-ara baylanıstı itibarģa alıp 5-6 jastaģı balalarda koordinaciyalıq qábiletti rawajlandırıw kerek ekenligin itibarģa alıw tiyis.

Sonıń menen birge 5-6 jastaģı balalardı shınıqtırıwdıń hár túrli baģdarların, atap aytqanda gimnastikalıq elementlerge say keletuģın baģdardı úyreniw ótkerilgen izertlew jumıslarınıń búgingi kúnde aktual ekenligi kóplegen ilmiy dereklerde de keltirip ótilgenligin kóriwimiz múmkin. Kópshilik ilimpazlar balalarda tezlikti jetilistiriwshi texnikalarģa baylanıslı shınıģıwlardı, úyrenilip atırģan háreket kónlikpelerine jaqın, oģan uqsas bolģan shınıģıwlar menen tolıqtırıp barıw kerek ekenligin aytıp ótedi. Bul boyınsha S.S.Korovin 6-10 jastaģı oqıwshılardı dene tárbiya shınıģıwlarında shıdamlılıģın jetilistirip barıwdıń ózine say ózgesheligine itibar beriw zárúr ekenligin, bunda úyrenilip atırģan shınıģıwlardıń háreket texnikasına jaqın yamasa uqsas háreketlerdi qollanıw múmkin ekenligin aytadı.

Biziń pikirimizshe koordinaciyalıq qábiletlerdi rawajlandırıw ushın gimnastikanıń túrli usıllarınan paydalanģan maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, birinshi bolıp olardan háreketsheńligine tiykarlanģan reglamenttegi shınıģıw usılların atap ótiw orınlı boladı. Bunday usıllar túrli variantlarda qollanıladı, onıń izbe-izligi qaysı biri jetekshi belgilerge, yaģnıy shınıģıwdı ózlestiriwdiń jeńilligine qaray ámelge asırıladı. Tiykarınan tásir etiw dárejesi boyınsha ústinlik ciklli lokomaciyalarda kórinetuģın yamasa qanday da bir nıshandı kózlep predmetlerdi ılaqtırıw háreketlerine baylanıslı baģdarlanģan shınıģıwlardı qollanıw usılların aytıw múmkin.

Shınıģıw barısında balalardıń ishki keshirmelerin standartlastırıw onı variantlarģa bóliw belgileri qaray standart tákirarlaw hám de variativ shınıģıw usılları tańlanadı. Bulardıń birinshisi 5-6 jasar oqıwshılardıń koordinaciyalıq qábiletlerin rawajlandırıw ushın quramalı bolıp, standart shárayatlarda bir neshe márte tákirarlanģannan keyin ózlestiriw múmkin bolģan gimnastikalıq shınıģıwlardı úyreniw waqtında qollanıladı. [4] Al, ekinshisi bolsa, búgingi kúnde ilimpazlardıń pikirlerine tayanģan halda tiykarģı usıllar bolıp esaplanadı. Bul dástúriy reglanmetke tiykarlanģan shınıģıw usılları bolıp 3 toparģa bólinedi.

**1-topar:** kúndelikli shınıģıwdı ayrıqsha shınıģıw ózgeshelikleri yamasa pútin formaģa salıw arqalı variantlaw usılları. Oģan, háreket baģdarın ózgertiw, kúshtiń quramın ózgertiw, háreket tezligin, ritmin basqarıw, shınıģıwdı orınlaytuģın territoriyanı durıs belgilew, háreketti orınlaw ushın variantlardı ózgertiw kiredi.

**2-topar:** kúndelikli shınıģıwlardı taza shınıģıwlar menen baylanıstırıp úyretiw usılları. Bul, kúndelikli shınıģıwdı qosımsha gimnastikalıq shınıģıwlar menen quramalastırıw, háreketlerdi kombinaciyalaw, shınıģıwlardı aynaģa qarap orınlaw h.t.b menen ámelge asırıladı.

**3-topar:** Háreketli shınıģıwlardı baģdarlaw hám olardıń variantların tártipke salıwshı sırtqı kúshlerdi paydalanıw jolları. Bular, háreket baģdarın keskin ózgertiwdi talap etiwshi gimnastikalıq shınıģıwlardan paydalanıw, jangliyorlar sıyaqlı tapsırmalardı qıyınlastırıw, háreketlerdiń texnikasın jetilistiriw, tábiyiy ortalıq shárayatlarınan paydalanıw, oyın hám jarısıw usılların paydalanıw h.t.b.

Bul jerde birinshi topardaģı shınıģıwlardı ámelge asırıwda háreket baģdarın ózgertip juwırıw, toptı alıp júriw, bir jerde turıp uzınlıqqa hám qısqa aralıqqa sekiriw h.t.b shınıģıwlar názerde tutılģan bolsa, ekinshi toparda, predmet hám predmetlersiz ózlestiriletuģın ulıwma rawajlandırıwshı shınıģıwlardı kombinaciyalarģa birlestiriw, yaģnıy akrobatikalıq hám gimnastikalıq elementlerdiń úzliksizligin támiyinlew arqalı orınlaw názerde tutıladı. Al úshinshi toparda bolsa, dawıs hám mimikalıq signallar arqalı shınıģıwdıń tempin, teń salmaqlılıqtı saqlaw hám óz-ara jarıstırıw arqalı ámelge asırıladı.

Ózgeriwsheń gimnastikalıq shınıģıw usıllarına baylanıslı 5-6 jastaģı balalardıń koordinaciyalıq qábiletlerin rawajlandırıwshı usıllardıń ayrımları standart shárayatqa, ekinshileri bolsa basqa shárayatqa mas keliwi kerek. Bul balalardıń fizikalıq imkaniyatları, tayarlıģı, jas ózgeshelikleri, jınısı hám individual ózgesheliklerine de baylanıslı boladı. Biraq, shınıģıw barısında oqıw dástúriniń barlıq bólimlerin ózlestiriw procesinde bunday usıllardan hár tárepleme paydalanıw maqsetke muwapıq ekenligi zárúr esaplanadı.

Gimnastikalıq elementler arqalı balalardıń buwınlarınıń hám denesiniń iyiliwsheńligin tárbiyalawda izbe-izlik, úzliksizlik principleri tiykarında ámelge asırıw koordinaciyalıq qábiletlerdi jetilistiriwdiń nátiyjeliligin belgileydi. Sebebi, bul arqalı belgilengen háreketli shınıģıwlardı ilaji barınsha kompleksli tárizde ámelge asırıw imkaniyatı payda boladı. Qala berdi gimnastika shınıģıwlardıń kóplegen dúzilisine iye hám kóplegen háreketli elementlerdiń texnikaların ózlestiriwge qolaylı shınıģıw usıllarınan bolıp tabıladı.

Bunda ulıwma rawajlandırıwshı shınıģıwlar koordinaciyalıq quramalı bolģan túrli háreket usılların rawajlandırıw arqalı háreket sıpatların jetilistiriw, elementar háreket kónlikpelerin iyelewde, hár túrli gimnastikalıq predmetler, trigonometriyalıq shınıģıwlardı orınlaw maqsetinde paydalanıladı. Gimnastikalıq elementlerdiń zárúr bolģan háreket kónlikpeleri tábiyattıń óz-ara kónlikpelerin jetilistiriwshi qural bolıp esaplanadı [5]. Bul shınıģıwlar arnawlı buyımlar, arqan, gimnastika tayaqshası, otırģısh, top h.t.b paydalanıw arqalı ámelge asırıladı.

Koordinaciyalıq qábiletti jetilistiriwde ulıwma rawajlandırıwshı xarakterge iye bolģan gimnastik qol gúresi balalarda shıdamlılıqtı, sabırlılıqtı hám háreket kúshlerin basqarıwın rawajlandırıwshı usıllarınan bolıp esaplanadı.

Sonday-aq, akrobatikalıq shınıģıwlar dene bulshıq etlerin rawajlandırıwģa, balalarda qatańlıqtı, jigerlilikti tárbiyalawdıń ámeliy háreket elementlerin jetilistiredi. Bul aylanıw háreketleri arqalı organizmdegi funkcionallıqtı támiyinleydi. Akrobatikalıq shınıģıwlardıń qolay hám barqulla quramalasıp barıw imkaniyatına iye ekenligi, ulıwmalıq hám ámeliy fizikalıq tayarlıqta hár túrli sport usılların qollanıw arqalı koordinaciyalıq qábiletleri rawajlanıp baradı.

Juwmaqlap aytqanda xalqımızda «Bolar bala bes jasınan belgili» degen sóz bar hám bes jasqa shekem pátshaday múnásibette bolatuģın milliy tárbiyalıq ózgesheliklerimizge

tiykarlanatuǵın bolsaq, balanıń hár tárepleme jetilisiwine onnan keyingi dáwirlerdiń esapqa alınǵanlıǵın itibardan shette qaldırmawımız tiyis. Sonlıqtan da 5-6 jasar balalarda koordinaciyalıq qábiletti rawajlandırıwda gimnastika elementlerinen maqsetke muwapıq paydalanıw, balalardıń shaqqanlıǵın, epshilligin eń tiykarǵısı maqsetke erisiw jolında hár qanday awır sharayatlardan aqılǵa uǵras tárizde ótiwin támiyinleydi.

**Ádebiyatlar**


1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining «Gimnastika sport turlarini yanada rivojlantirish chora-tadbirlari toʻgʻrisida» PQ-449-son Qarori. 23-dekabr 2022-yil.
2. Qaljanov P.U., Ótepbergenov A.Q., Orazov Sh.B. Dene tárbiyası hám sporttı basqarıw. Sabaqlıq. –Nókis: 2019, 51-b.
3. Xolboeva G.X. Dastlabki gimnastika mashgʻulotlari asosida 5-6 yoshli bolalarning harakat faolligini oshirish mexanizmlari. // Fan – sportga №6. 2020. 72-73-b.
4. Бажанова Г.К. Корригирующая гимнастика. -Брест: 2012. –С. 27.
5. Starosta W. Symetria I Asymetria ruchow czlowieka / Motorycznoscczlowieka-jej struktura, zmieunosei uwarunkowania. Red.W. Osinski. AWM Poznan. Poznan. 1993. – S. 139-147. 2003. – P. 121-147.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада болаларда координацион қобилиятни ривожлантиришда гимнастик воситаларнинг хусусиятлари 5-6 ёш болалар мисолида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** в данной статье рассказывается об особенностях использования гимнастических снарядов в развитии координационных навыков у детей на примере детей 5-6 лет.

**SUMMARY.** this article describes the features of using gymnastic equipment in the development of coordination skills in children using the example of children 5-6 years old.


## THE USAGE OF TECHNOLOGY IN FOREIGN LANGUAGE LEARNING ENVIRONMENT


**D.A.Atadjanova** – *a trainee teacher*

*Nukus state pedagogical institute named after Ajiniyaz*



**Tayanch soʻzlar:** texnologik yutuqlar, YouTubedagi ta'lim haqida videolar, Google Classroom, Zoom, tinglash va gapirishni rivojlantirish.

**Ключевые слова:** технологические достижения, обучающие видеоролики YouTube, Google Classroom, Zoom, развитие аудирования и говорения.

**Key words:** technological advancements, YouTube educational videos, Google Classroom, Zoom, developing listening and speaking.


In today's world technological advancements make humans' life more straightforward in each sphere in terms of education, communication, business relations, social issues and others. It is crucial to mention that technology brings profound benefits for individuals who are enthusiastic about brushing up on foreign languages as English. On the grounds that in the past most people had troubles with learning foreign languages due to a limited number of resources and unavailability of Internet. In contrast to this, in these years with the advent of educational tools as computers efficient problem-solving capabilities are being created.

Educators who are teaching foreign languages are utilizing electronic devices for many purposes in teaching. Technologies are giving great assistance to conduct lessons usefully:

- Reaching learners outside of classrooms.
- Using learning time efficiently.
- Sustaining motivation.
- Individualizing instruction.
- Providing access to information tools [1;4].

In language learning process computers are made use of by teachers extensively to teach lessons interactively. The role of computers is huge that learners can seek information anywhere that they want. In these days finding all necessary information from the libraries is a bit challenging so that takes a great amount of time to look for. For this reason, individuals are trying to use technological devices to spend time effectively. Besides these, technology boosts motivation to absorb knowledge by means of divergent applications that are regarded as both favorable and entertaining.

It is crucial to mention that digital learning activities promote purposeful communication and collaboration for both educators and learners, create a plethora of possibilities comparing the non-digital ones [2;4]. It can be because knowledge of people is limited by taking information only in the classroom or from the library. It is commonly known that in this modernized era news is being released daily on the internet. So that digital devices are referred as a handy tool to be informed by current affairs.

Notably, technological devices assist to foster 21$^{st}$ century skills that individuals have potential for taking part of online forums, webinars, discussions via variety of apps. Evidently, most people sometimes face up to problems with finance to go abroad to attend some kinds of seminars related to education or business. In these situations, webinars give a hand to acquire knowledge and make discussions among people from overseas.

The significance of technological tools can be seen in language teaching and learning. Educators are suggesting a wide range of multimedia platforms with the aim of learning foreign languages successfully. Communities are fond of utilizing common social platform YouTube not only for entertainment, but also for studying purposes as well. The educational merits of making use of this application are:

- Watching educational videos about learning languages;
- Being aware of current events in a target language;
- Spending time effectively by participating free webinars;
- Bringing some videos for the classroom to teach learners;
- Enhancing writing skill by giving comments, chatting with others both spoken and written form of languages.
- Watching short stories and motivational videos to improve language acquisition;
- Listening to podcasts about mixed variety of topics that are dedicated to boost listening skill and comprehension;

Due to these benefits above, both teachers and learners are having passion for using from the Internet for academic purposes in order to be more sophisticated in their own areas. Additionally, some of the vital programs to master English is BBC Learning Applications that provide with crucial materials to consolidate four skills such as listening, speaking, reading and writing such as BBC Podcast, BBC News. The programs include many advantageous sides such as being aware of daily news, fascinating radio programs, fabulous events, different speech of people and others. While listening podcasts individuals can enrich vocabulary by learning new advanced words. It is necessary to mention new vocabulary words are given with definitions to be more comprehensible for listeners. In addition to this, new information is posted daily on variable topics for example, food, sports, society, environment etc. Educators and learners can select any topic according to their desire, materials, learning needs. The speakers in the podcasts speak in a tempo